



Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DOUB AVANTAJ WIC NAN MACHE KILTIVATÈ YO ETE SA A POU ELAJI AKSÈ AK MANJE FRE POU FANMI NEW YORK YO

Fanmi k ap patisipe nan Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC) ka resevwa yon kupon jiska 50 dola pou chak patisipan pou konplete bidjè alimantè yo epi achte pwodwi lokal ki bon pou sante pou depans nan mache kiltivatè k ap patisipe yo

Avantaj Pwogram Nitrisyon nan Mache Kiltivatè WIC yo pèmèt yo elaji aksè pou jwenn manje epi reponn ak objektif nitrisyonèl fanmi yo pandan y ap bay kiltivatè New York yo yon kout pous

Li baze sou efò kontinyèl Gouvènè a pou bay timoun New York yo manje ki bon pou sante; Yè, Gouvènè Hochul te anonse Eta a te bay 200 milyon dola nan asistans manje pou plis pase 1.5 milyon timoun ki gen revni fèb atravè nouvo pwogram EBT pandan ete a

Komisè Ball ak Komisè McDonald te vizite mache kiltivatè nan Schenectady nan jedi pou diskite sou Pwogram Nitrisyon Mache Kiltivatè WIC la; [Gade foto evènman an](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke fanmi k ap patisipe nan Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants, and Children, WIC) ka resevwa doub avantaj pou depans nan mache kiltivatè k ap patisipe yo, sa ki ede yo konplete bidjè alimantè yo epi achte pwodwi lokal ki bon pou sante. Moun ki elijib yo ka vizite klinik WIC lokal yo pou resevwa kupon jiska 50 dola nan Pwogram Nitrisyon nan Mache Kiltivatè yo (Farmers' Market Nutrition Program, FMNP) sezon sa a. Pwogram FMNP WIC yo pèmèt yo elaji aksè pou jwenn manje epi reponn ak objektif nitrisyonèl fanmi yo pandan y ap bay kiltivatè New York yo yon kout pous Anons sa a fèt nan kad Semèn Nasyonal Mache Kiltivatè yo, ki rekonèt chak ane tradisyon lokal sa yo ak wòl enpòtan yo jwe nan kominote yo.

"Avantaj anplis sa a se yon pati enpòtan nan travay nou chak jou pou remèt plis lajan nan pòch fanmi k ap travay yo pandan n ap asire tout Nouyòkè yo gen aksè a manje ki bon pou sante epi ki fre," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou double avantaj

Pwogram Nitrisyon nan Mache Kiltivatè WIC yo ane sa a, nou ap ofri èd siplemantè bay plizyè dizèn milye fanmi pou yo ka depanse ankò plis lajan nan mache kiltivatè yo pandan n ap sipòte kiltivatè lokal nou yo k ap kiltive ak pwodui manje fre ki tèlman enpòtan pou yon rejim alimantè ki an sante ak nourisan, sitou pou timoun piti yo."

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (Department of Agriculture and Markets, AGM), k ap travay an patenarya ak Depatman Sante Eta New York (Department of Health, DOH), jere FMNP pou pwogram WIC la. Tradisyonèlman, pwogram nan bay yon ti kanè kupon 25 dola pou patisipan ki elijib nan WIC, men sezon sa a, gras ak yon egzanpsyon AGM te mande epi Depatman Agrikilti Ameriken an te apwouve, Eta New York te kapab ogmante avantaj sa yo a 50 dola pou chak patisipan.

Fanm ki ansent, ki akouche, oswa k ap bay tete, tibebe, ak timoun jiska laj senk an, ki enskri nan WIC, elijib pou resevwa kupon WIC FMNP yo. Kupon sa yo ka itilize sèlman nan mache kiltivatè k ap patisipe yo ak nan kyòsk agrikòl yo pou achte legim, fwi, ak fèy awomatik lokal ki fre yo. Ti kanè kupon yo disponib nan [klinik lokal WIC](#) k ap patisipe yo sou baz premye moun ki vini, se premye moun y ap sèvi. Kupon yo dwe itilize anvan 30 novanm.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, "Depi peryòd pandemi an, Depatman an te double efò li pou ranfòse sistèm manje lokal la, ogmante aksè a manje, epi konekte plis konsomatè ak kiltivatè yo pou sipòte ekonomi agrikòl Eta a. Nouvo pwogram sa a satisfè tout objektif sa yo, pandan l ap ede konpanse ogmantasyon pri manje yo epi ankouraje fanmi nou yo ki elijib yo pou yo kenbe konsomasyon an sante fwi ak legim yo pandan y ap fè acha nan mache kiltivatè lokal k ap patisipe yo, pandan y ap sipòte kiltivatè nou yo an menm tan."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pran pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a manje nourisan se youn nan plizyè fason Eta a ap travay pou simonte mank ki gen enpak sou detèminan sosyal sante yo, ki enkli sekirite alimantè. Pwogram sa a se yon mwayen ekselan pou patisipan yo ki nan pwogram WIC la konplete bidjè alimantè yo epi bay fanmi yo manje ak ti goute ki bon pou sante ak ki gen anpil eleman nitritif."

Diane Eggert, Direktè Egzekitif Federasyon Mache Kiltivatè nan New York, Jack Riffle, te deklare, "Federasyon Mache Kiltivatè nan New York bat bravo pou anons Gouvènè Kathy Hochul pou double avantaj WIC FMNP pou fanmi yo. Ogmantasyon enpòtan sa a non sèlman bay fanmi yo pouvwa pou jwenn plis pwodui lokal ki bon pou sante, men tou li sipòte kiltivatè New York ki devwe k ap travay san pran souf pou bay manje fre ak nourisan. Lè nou double avantaj pwogram WIC FMNP a, n ap investi dirèkteman nan fanmi ak kiltivatè New York yo. Anons sa a, ki fèt pandan Semèn Mache Nasyonal Kiltivatè yo, mete aksan sou rekonesans Gouvènè Hochul sou wòl endispansab mache kiltivatè yo jwe kòm sant kominotè pou manje nourisan. Inisyativ sa a montre pafètman fason gouvènman eta yo ka investi nan yon sistèm manje lokal ki pi solid pou kreye enpak pozitif ak dirab. Nou kontan wè avantaj sa pral pote ni pou konsomatè yo ni pou kiltivatè yo atravè Eta New York."

Eta New York—atravè Depatman Agrikilti ak Mache yo, Depatman Sante, Biwo pou Granmoun Aje (Office for the Aging), ak Biwo Asistans Tanporè pou Moun Andikape (Office of Temporary Disability Assistance)—jere plizyè pwogram ki ede fanmi ki gen revni fèb yo, ki gen ladan moun ki enskri nan WIC ak Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), granmoun aje yo ak Veteran yo jwenn manje fre ki bon pou sante nan mache k ap patisipe yo. Pou aprann plis sou pwogram mache kiltivatè Depatman an oswa pou jwenn yon mache toupre w, ale sou agriculture.ny.gov/farmersmarkets.

FMNP ankouraje espesyalman pwodiktè lokal yo nan ogmante lavant yo nan mache kiltivatè yo ak sou kyòsk agrikòl yo epi ankouraje kominote ki an sante gras ak konsomasyon manje lokal yo. Konsomatè ki elijib yo resevwa kupon pou yo itilize pou fwi ak legim fre nan plis pase 700 mache, ki gen ladan mache kiltivatè yo, kyòsk agrikòl yo, ak estasyon mache mobil k ap patisipe nan FMNP, ki bay kominote New York yo manje lokal ki bon pou sante.

Anons jodi a baze sou yon kantite pwogram Eta ki egziste deja ak nouvo inisyativ ki te lanse pandan de dènye ane yo pou ogmante aksè a manje nan kominote New York yo epi sipòte agrikilti New York. Yè, Gouvènè a [anonse](#) New York te bay prèske 200 milyon dola nan asistans manje ak plis pase 1.5 milyon timoun ki gen revni fèb nan kad nouvo pwogram Transfè Elektwonik Avantaj Ete (Summer Electronic Benefits Transfer, Summer EBT). Ane pase, Gouvènè Hochul te anonse yon nouvo inisyativ pou double pouvwa dacha pou benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) yo nan mache kiltivatè yo atravè Eta New York. Inisyativ [FreshConnect Fresh2You](#) bay Nouyòkè ki elijib yo kounye a yon kontrepati jiska 50 dola pa jou nan mache kiltivatè k ap patisipe yo, sa ki pèmèt fanmi ki bezwen yo achte plis manje ki bon pou sante, tankou pwodui fre, pwodui letye, ze ak vyann.

New York kontinye ap sipòte tou plizyè pwogram Eta revolisyonè ki konsantre sou amelyore aksè a manje lokal atravè Bidjè Eta New York 2024-2025 li a, ki gen ladan pwogram Nouri Nw York (Nourish New York), Inisyativ 30 pousan Eta New York nan lekòl yo ak pwogram Soti nan Fèm rive Lekòl (Farm-to School). Anplis de sa, Bidjè ane sa a te enkli dezyèm faz finansman an kòm yon pati nan Fon Enfrastrikti Manje Lekòl Rejyonal la (Regional School Food Infrastructure Fund), ki bay 50 milyon dola sou senk ane pou sipòte enstalasyon kwizin rejyonal yo ki pral fasilite itilizasyon pwodui agrikòl fre Eta New York nan preparasyon repa pou timoun lekòl soti nan matènèl rive nan 12yèm ane.

Investisman sa yo baze sou angajman Gouvènè a pou ogmante demann pou pwodwi agrikòl New York yo, ranfòse chèn apwovizyonman manje New York, epi asire tout Nouyòkè yo ka pwodwi ak jwenn aksè ak manje lokal ki fre yo. Sa enkli Dekrè Egzekitif 32 Gouvènè a ki mande ajans Eta yo pou ogmante pousantaj manje ki soti kay kiltivatè ak pwodiktè New York yo a 30 pousan nan acha total yo sou senk ane epi ogmante yon fason konsiderab limit opsyonèl pou lekòl yo achte manje ak pwodui alimantè lokal yo de 20,000 a 150,000 dola. Li gen ladan tou pwogram Sibvansyon pou Rezilyans Mache

Kiltivatè (Farmers' Market Resiliency Grant) yo, pwogram Fèm Iben ak Jaden Kominotè (Urban Farms and Community Gardens) yo, ak yon pwogram sibvansyon 10 milyon dola pou sipòte etablisman mache agrikòl, makèt, koperativ alimantè, ak lòt magazen manje an detay menm jan an, ansanm ak enfrastrikti sipò nan kominote ak reyon defavorize nan Eta a.

Aprann sou pwogram ak inisyativ Depatman an ki konsantre sou bay nouvo mache pou kiltivatè yo, ogmante aksè manje nan kominote defavorize yo, ak bati [kominote ki pi an sante](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)